


Fifi

Tounen lakay li

Ecole Mixte

PIC
pet





Èske ou konnen istwa Teyo ak ti Zanmi li Fifi? Kite mwen rakonte ou li...

« — Mezanmi! Gade lè a! Fè vit Teyo fòk nou rantre, li ta! »

Ti Da voye je li nan mont li a. Depi lè Madàm Mari, yon vwazin ki rete nan katye a, te fè li kado ti mont sa, li toujou ap gade ladan li. Depi ven (20) minit yo ap pale ak ti zanmi yo devan lekòl la, yo pa wè lè a ki pase sou yo.

Teyo pa vle fè matant li Jezila, manman Ti Da, fache.

« Ou gen rezon vre wi, nou fè twòp tan. An nou rantre. »


Ti Da ak Teyo ap fè prese pou yo rantre lakay yo. Menm si Matant Jezila fè yo konfyans, epitou li konnen yo renmen pran yon ti tan devan lekòl la. Men yo pa ka egzajere, li ka enkyete li pou yo.



Ecole Mixte

Plop Plop

petit demele





Vit vit, kouzen ak kouzin ap mache pou yo rive, yo kouri rantre nan yon riyèl san yo pa gade. Woy atansyon ! Gen yon tifi ak yon gwo bokit dlo sou tèt li ! Teyo eseye pa frape li... men li pa gen tan. BOW ! Youn frape ak lòt, bokit dlo a tonbe, epi dlo tonbe sou tou lè de (2), sèl Ti Da ki pa mouye. Teyo ale pou li ranmase bokit la, men tifi a gentan ranmase li anvan pandan l ap eskize li tou ba:

-Padon, mesye... eskize mwen wi. Ou pa bezwen ban m kou, mwen pat wè si ou t ap vini.

Timoun yo ap eseye kalme li:

-Men non, se nou ki pou mande w eskiz. Nou t ap mache twò vit.

-Epi se ou memm ki pi mouye. Akòz nou memm ou pral oblige retounen ale pran dlo a ankò.

-Kite nou ede w, epi nou pral avèk ou pou ou ale repran dlo a...

-Non ! Nou pa bezwen fè sa, fòk mwen ale. Eskize mwen ankò.



Tifi a vire epi li kouri ale.

Teyo ak Ti Da reprann wout la san pale, tou kontrarye. Akòz de yo, tifi a oblige ale regran dlo ankò. Teyo ki renmen pale anpil fè tout tan an li pa di yon mo.

Ti Da tou pa santi li byen pou sa ki sot pase a, men lè li wè Teyo pran yon wout li pa konnen, kè li komanse sote. Li pata renmen Teyo deside swiv tifi a, yo deja anreta, manman li pap kontan ditou ! Kisa li pral fè menm ?

« Teyo, sa fè yon lane depi ou ap viv lakay la, mwen konnen ou tankou se frè m ou ye. Jan ou ap mache la, mwen santi gen yon bagay k ap boujonnen nan lespri w, pa gen anyen k ap ka fè ou pa fè l. Di mwen non kouzen, kote nou prale ?

- Ti fi sa fè mwen santi mwen mal anpil...
- Mwen menm tou kouzen. Ou wè gwosè bokit la ? Li te twò lou pou li !
- Ti Da, mwen konnen figi sa... Li pi mèg, figi li pi tris, men se Fifi...
- Fifi?



« — Wi, mwen kwè nan sa mwen di w la. Mwen pat konn wè Fifi souvan, men mwen kwè se li. Poukisa Fifi an gen yon rad ki chire sou li, avèk yon bokit ki pi gwo pase li sou tèt li ? Olye li gen yon valiz lekòl menm jan ak nou ? An nou mache pi vit Ti Da pou nou ka gentan jwenn li...

— Talè Teyo ! ou pat jamz konn pale mwen de Fifi anvan jodia.

— Lè mwen t ap viv andeyò nan mòn, mwen te konn ale nan mache ak grann mwen pou vann legim lè samdi. Mwen te konn ap rele byen fò pou atire kliyan yo sou nou. Men mayi, mayi, mayi ! Bèl zaboka, bèl bannann ! Men pi bon moman an se lè madan Dival, machann fwi a vini ak pitit fi li, Fifi. Si mwen ak Fifi pa fè dezòd pandan jounen an li te konn ba nou swa yon mango, oubyen yon kachiman, sa depann de sezon an.

« — Jan ou renmen mango, se yon bèl ti souvni wi »







— Mwen ak Fifi nou te bon zanmi ! Lè nou pap vann, nou konn ap envante yon istwa pou chak moun k ap pase, nou te konn ap konte panye yo sou tèt machann yo, Fifi te konn aprann mwen anpil ti kont, kè nou te toujou kontan. Epi yon jou Fifi pa janm vini ankò. Madan Dival di Fifi ale viv kay yon madanm, vi li prale chanje, l ap retounen ak yon diplòm. Mwen te tris anpil, men mwen te konn di tèt mwen li byen, li ale lekòl.

— Ou panse tifi tou mèg nou sot wè la se Fifi?

— Gade! Men li ! Nou pral konnen...

Yo tou de (2) rive sou yon plas ki genyen yon fontèn dlo.



Fifi kanpe l ap tann moun ki devan li yo pase. Teyo vini jwenn li pou pale ak li.

« Fifi, se ou ? »

Fifi sote, epi l ap eseye ale lwen Teyo.

« — Mwen pat vle fè ou pè, men ou sanble ak yon zanmi mwen.

— Teyo ? Se ou ? Sa w ap fè Pòtoprens? Genlè se nan rèv mwen ye...

— Men non, ou pap reve, Fifi ! Mwen kontan wè ou wi ! Se kay kouzin mwen m ap viv kounye a. Kisa ki rive ou konsa Fifi ?

-Teyo si ou te konnen! Madan Mikèlin pa moun nou panse li te ye a ditou. Li mechan anpil anpil. Epi mwen pap gentan pou pale ak ou. Si mwen pa kouri rantre l ap bat mwen ak rigwaz li a. Bokit dlo a ki tonbe a, fè mwen pran plis tan deyò. Paske fòk mwen rantre avan li !

— Talè, ban mwen ede w, anplis se fòt mwen. »



Fifi – Tounnen lâkay li





Teyo pran bokit la nan men Fifi, li ale plen li pou li anba fontèn nan. Byen vit, li fè zanmi li yo siy, epi yo ba li pase devan yo ak anpil jantiyès. Lè li fin plen bokit la, li retire kò li nan foul la pou li pote l bay Fifi. Li gen yon pakèt kesyon li anvi poze Fifi, men Fifi prese anpil. Li rale bokit dlo a nan men Teyo.

« — Fè vit Teyo, fòk mwen ale rapid.

— Fifi mwen ta renmen pale avèk ou, ou gen anpil bagay pou rankonte m...

— Mwen te kontan rewè ou Teyo, men ou mèt kwè m, pa gen anyen ki byen pou rakonte. Fifi ou te konnen an pa la ankò.»

Tout pandan l ap pale a li chaje bokit la ak yon fòs plis yon vitès pou li mete sou tèt li. Nan yon bat je, li disparèt nan kwen lari a, sèl sa ki rete se mak dlo li kite dèyè li sou wout la.



Ti Da santi lapenn kouzen li. Li rale li nan ponyèt epi yo travèse plas la.

— An n ale kouzen, nou menm tou fòk nou rantre, manman m ap tann nou. N ap rakonte li sa ki pase a.

Lè yo rive, matant Jezila te gentan ap tann yo devan pòt la, men I sou senti l epi figi li tou mare. Men lè li wè figi Teyo epi bout pantalon li ki mouye, li konprann gen yon move bagay ki sot pase.

Lapenn chita sou ti chèz la, Teyo kouri koke li. Pandan I ap karese tèt Teyo, Ti Da ap rakonte li rankont yo ak Fifi, kòman sa boulvèse Teyo pou li wè zanmi li nan eta sa !



- O ! Timoun mwen yo... Sa tris anpil... Fifi genlè se yon « restavèk » kay madam sa.
 - Mwen tande mo sa déjà lekòl la, kòm jouman. Sa li vle di menm matant ?
 - Restavèk se timoun paran yo voye ale viv nan yon lòt fanmi nan lespwa yo prale viv pi byen. Fanmi sa yo pran timoun yo sou responsabilite yo, timoun sa yo menm ap gen pou yo travay. Men gen de lè se yo ki fè tout travay nan kay la epi yo maltrete yo.
 - Maltrete Fifi ? Manman I pap janm kite yon bagay konsa fèt. Li te toujou konn ap di Fifi se tankou de 2 gress je nan tèt li.
 - Manman I ka pa konnen. Li siman bay yon moun Fifi, menm jan wap viv lakay mwen an. Men moun nan ap maltrete Fifi, I ap abize de otorite li.
 - Ala mechan mezanmi! Fifi ka santi tout moun abandone li. Madan Dival ki kwè pitit fi li a byen, I ap vanse lekòl. Fòk nou ede Fifi soti nan pwoblèm sa ! »
- Ti Da tou, panse menm jan ak kouzen li:
- « Wi, n ap eseye jwenn yon solisyon. »



— « Atansyon! matant Jezila avèti yo, pa fè anyen ki pral lakòz sa pi grav pou Fifi ! Si nou pral wè l, fòk nou pran anpil prekosyon. Se tankou yon prizonye li ye, li paka fè sa li vle, nou menm nou an sekirite la, men zanmi nou an nan yon kay kote l ap sibi tout kalite abi. Si nou pale sèlman avèk li, nou ka fè yo ba li pinisyon. Se nòmal pou ou anvi ede ti zanmi w Teyo, dayè n ap fè sa. Men se gramoun ki pou regle sa.

— Wi matant. N ap fè anpil atansyon pou nou pa ba li plis pwoblèm, li gentan ap soufri twòp... »

Yo reflechi epi yo deside mande madàm Mari, vwazin yo a ki rete tou pre a, konsèy sou problèm Fifi a. Madàm Mari konnen anpil bagay. Se youn nan moun ki ka ede yo louvri yon pòt sou pwoblèm sa.



Nan demen, lè lekòl lage, timoun yo kouri ale kay madàm Mari. Ti grannmoun nan chita sou galri a jan sa toujou ye. L ap balanse sou dodin li ak yon vè ji sitwon nan yon men, yon evantay nan lòt la. Yo salye li ak respè, yo mande li kòman doulè li yo ye. Timoun yo kòmanse rakonte li jan yo kontre ak Fifi.

«— Kòman nou ka jwenn kontak manman Fifi?» Madan Mari mande timounn yo.

« — Rantre an kontak ak li pap fasil ditou. Grann mwen pa gen nimewo telefòn li. Epi manman Fifi pa rete yon sèl kote li toujou ap deplase. Se lè li gen anpil machandiz ki rete nan men li, li vini nan mache kote grann mwen ap vann nan. Se yon lè konsa mwen te konn wè Fifi.

— Hummm... Bagay la konplike.

— Ayayay ! Konbyen tan sa ap pran pou nou jwen madan Dival pou li ka vin Pòtoprens vin retire Fifi nan sa li ye a. Tout tan sa Fifi ap rete kay manman lougawou sa a. Se sa Ti Da di pandan l ap enkyete l.



Teyo gen yon gwo kòlè ki anvayi l.

-« Li pa nòmal ! Restavèk pa ta
dwe janm egziste !





— Timoun, mwen pral rakonte nou istwa mwen. Lè mwen te timoun, Mwen t ap viv nan yon ti kay andeyò avèk manman mwen, papa mwen avèk sèt frè ak sè mwen yo. Aprè yon siklòn te fin kraze tout rekòt yo, Manman mwen ak papa mwen te pèdi lespwa. Se konsa grann mwen te di yo pou yo bay twa nan nou bay sè li yo. Epi se konsa lè mwen te gen dis lane mwen te ale viv lavil kay matant Zèt. Li te gen yon ti boutik epi li te bezwen kout men pou fè travay nan kay, lave, kèk fwa pou okipe timoun li yo. Mwen te plen bagay pou mwen fè men mwen te konn ale lekòl tou.

— Men ou pat yon restavèk madàm Mari ?

— Poutan wi. Paske mwen te « rete ak » matant Zèt, mwen te rete lakay li, men fòk mwen te fè travay an echanj. Se sa manman mwen ak papa mwen te deside ak matant Zèt. Yo pat ni maltrete mwen ni imilye mwen, yo pat konn rele mwen restavèk, yo te konn aji ak mwen tankou nenpòt moun ki nan fanmi an. Si mwen desann bakaloreya epi vini yon pwofesè se gras ak matant Zèt. »



Teyo ak Ti Da rete yon bon moman san yo pa di anyen, yo pokò fin byen konprann.

- Enbyen se yon bon bagay si gen restavèk madàm Mari?
- Se pa sa mwen di, men pa gen okenn pwoblèm ki senp. Voye timoun ou ale viv tankou yon restavèk pa yon bagay ki fasil. Gen de lè se sèl mwayen paran yo jwenn pou yo ka amelyore lavi pitit yo. Yo panse timoun nan ap gen plis chans pou li ale lekòl, sa ka ba li yon bél demen. Malerezman, yon timoun ki poukонт li san okenn moun pou defann li ka sibi anpil abi.
- Fifi ap travay olye li ale lekòl madàm Mari, ou menm ou te gen tan pou ou te fè tou lè de.
- Wi ou gen rezon Ti Da. Epi gen travay ki twòp pou yon timoun. Mwen, matant mwen te konn mande m pou mwen ede li. Sa nou menm tou nou konn fè, lè nou lave rad nou, oubyen pase bale. Y ap eksplwate Fifi, se pa menm bagay.
- Fòk nou fè tout sa nou kapab pou nou ede Fifi retounen lakay li. Se sa Teyo di.



- An nou reflechi ak tèt poze Teyo. Pou kòmanse, fòk madan Dival konnen sa k ap pase Pòtoprens la. Lwa 2003 a klè: entèdiksyon ak tout fòm abi, vyalans, ak move trètman sou timoun. Se menm bagay la pou paran yo tou ! Mwen gen tèks la nan bibliyotèk mwen. Grann ou dwe eseye jwenn ak madan Dival.
- Wi grann mwen gentan ap chèche li nan tout mache yo.
- E nou menm tout nou pap rete ap gade san nou pa fè anyen.
- Kisa nou ka fè?
- Mwen pral pran enfòmasyon nan sevis leta ak lòt asosiyasyon k ap travay pou pwoteje timoun.
- Madàm Mari, ak doulè ou genyen yo ou ap ka ale jis nan biwo Leta yo? Yon lè matant Jezila pase tout yon jounen pou li te ka jwenn yon papye !
- Pa enkyete w pou mwen, si gen pou deplase mwen ap voye pitit pitit mwen an. Pou rès bagay yo mwen ka itilize telefòn mwen. Tèt mwen byen plase sou de zepòl mwen, mwen tandé byen, ak plan sa mwen genyen an mwen pa gen limit sou kantite apèl mwen ka fè!



Timoun yo kite kay Madàm Mari ak kè yo kontan. Yo gen asirans yo ap rive sove Fifi, yo anvi di l sa. Yo rive sou ti plas la kote Fifi konn al pran dlo a, men yo pa jwenn Fifi. Epi yon lide pase nan tèt Teyo.

— An nou swiv wout Fifi te fè a...

— Non, mwen pa dakò. Sonje sa manman mwen te di nou, nou paka mete Fifi nan plis pwoblèm. »

Men sa Ti Da pa di kouzen li, li pa vle kwaze ak fi sa k ap maltrete Fifi a ! Ti Da imajine madanm nan se yon gwo djab ki kache kòn li yo anba mouchwa li, li gen pouvwa pou l santi timoun menm si yo lwen, Epi li kapab wè nan fè nwa. Yon moun k ap fè timoun mal paka yon bon moun, li siman se yon lougawou, li siman gen anpil pouvwa ki pa natirèl. Li menm ak Teyo se de timoun ! Èske Teyo bliye sa ?



Teyo wè Ti Da pè.

- Pa enkyete w Ti Da, mwen pap fè anyen ki dwòl ni ki danjere si nou wè madanm nan nou pap vanse plis.
- Madanm sa siman pa yon moun Teyo, li pa gen kè. E si se yon lougawou li ye ?
- Paske I ap maltrete yon timoun ? Tankou grann mwen konn di, ou pa bezwen lougawou pou ou malveyan.
- Bon, an nou ale kouzen men fòk nou fè anpil atansyon.



Jou sa Teyo ak Ti Da pa rive pale ak Fifi. Yo jwenn kay kote li rete a. Men de Iwen yo wè zanmi yo a an pinisyon, li ajenou. Yo deside rete kache dèyè yon miray pou yo swiv. Yo pa bezwen tande sa madan Mikèlin ap di, sa l ap fè ak jan l ap pale ka leve plim sou do nenpòt ki moun. Youn pran men lòt ak kè sere. Ti Da wè Teyo bese tèt li, li mande li tou ba:

— Ou vle nou ale ?


— Non m ap gade wòch sa atè a, mwen anvi ba li kout li.

Teyo ! Wè jan madanm sa ap maltrete Fifi a fè nou mal. Men ba li yon kout wòch pap rezoud anyen ! An nou ale. Demen n ap retounen bò fontèn nan lè n ap sot lekòl, n ap gen plis chans pou nou wè Fifi. Mwen panse se chak jou li ale pran dlo.



Depi lè sa, chak lè lekòl
lage Teyo ak Ti Da kouri
ale nan fontèn nan pou
yo ka wè ak Fifi.







Men yo pa janm rete twò lontan avèk Fifi pou li pa rantre twò ta. Youn ale plen bokit la pandan lòt la ap pataje ak yon ti bonbon avèk Fifi.

Fifi toujou ap poze menm kesyon an:

- Nou gen nouvèl manman mwen ?
- Nou pokò, li pa konn rele w nan telefòn ? Se sa Ti Da mande l.
- Lè mwen te fenk vini manman m te konn rele m chak dimanch, li te konn pale ak madam Mikèlin tou. Manman lougawou a te konn ap di: Fifi gwosi, li renmen lekòl li ye a. » Kounya manman mwen rele yon fwa chak mwa, li panse mwen byen.
- Men Fifi poukisa ou pa janm di manman w sa w ap viv yo ?
- Avèk madanm nan bò kote mwen nan k ap kale je li sou mwen ? Gen yon lè mwen te di manman mwen yo ban m twòp kout rigwaz, li di mwen toujou ap mete pase genyen. Manman m tèlman kontan paske li konnen mwen lekòl, mwen pa wè kòman pou mwen di li mwen ale yon lè konsa.



Fifi – Tounnen lakay li

Yon jou Fifi rive nan ti randevou ak jenou li grafonyen ak anpil chagren sou figi li..

— Mwen manke tonbe. Madam Mikèlin di tan mwen sòt manman mwen siman kontan debarase li de mwen. »

Teyo kouri reponn:

— Pa okipe manman lougawou sa Fifi, se pa vre.


— Epi pwofesè mwen an di mwen pa la twòp, mwen pap fè okenn pwogrè. Fòk mwen tande sa k ap di nan klas la. Men mwen fè sa mwen kapab, li enpòtan pou mwen anpil ! Mwen vle desann bakaloreya epi aprè etidye lòt bagay. Mwen tèlman fatige je m toujou ap fèmen poukont li lè m ale lekòl.

Ti Da reponn « mwen menm tou mwen konn fatigue lè mwen ede manman m ».

— Men se mwen ki fè tout bagay. Jounen mwen kòmanse avan kòk chante. Mwen bale, mwen fè manje, mwen ale bwote dlò de fwa pa jou. Tout ponyèt mwen fè mwen mal tèlman mwen lave rad. Se gras lamizèrikòd vwazen Deni ki fè mwen pa mouri grangou deja. Li ban mwen ti moso lamanjay an katimini.

— Mwen konprann ou Fifi se pa menm bagay ditou, men w ap fini pa sòti nan sa ou ye a. Se sa Ti Da di li

— Teyo di : Wi Fifi. Nou gen moun k ap travay sou dosye ou a, fòk ou pa pèdi lespwa.



Aprè twa jou ki sanble p ap janm fini, Gesnè ki se ptit ptit madàm Mari resi pote yon bon nouvèl. Se te yon aprèmidi li te fè cho anpil , timoun yo te chita sou galeri a, yo t ap li pou Madàm Mari

— Grann ou menm ki toujou ap tandé radyo, ou pa konnen nimewo ijans BPM ?

Timoun yo ap gade Gesnè san konprann epi li kòmanse eksplike:

— Maten an sanzatann, mwen tandé yon mesaj BPM nan radyo, Brigade Pou Minè. Se yon kò nan lapolis la ki la pou okipe li de timoun ki restavèk tankou Fifi.

— Gen yon kò nan lapolis la ki okipe yo de timoun ? Ti Da sezi tandé sa.

— Wi. se yon sèvis ki la pou pwoteje timoun. Gen yon nimewo yo bay, ou ka rele san ou pa peye pou denonse moun k ap maltrete timoun. Mwen pran nimewo a grann, nou pral rele pou nou di yo kote yo kapab jwenn Fifi.

— Timoun yo santi dosye a ap vanse.



Kòm se de bon ki fè bonbon, menm jou swa a, telefòn Jesula sonnen.

—“ Tann mwen, Silin m ap pase ou Teyo pou w kapab di l sa ou menm.

— Alo manman ? Grann mwen jwenn madan Dival ?

— Wi. mezanmi madanm nan tonbe rele lè grann eksplike l sa k ap pase a: « mwen te gen dout yo te konn bay Fifi kèk kout rigwaz, li t ap gen anpil travay men mwen te reziyen mwen, mwen te panse aranjman sila t ap ede li antre nan yon bon lekòl Pòtoprens, konsa li t ap gen yon bon demen. Men sa w ap di mwen la se pase mizè yo rele sa ! Madan Mikèlin pa gen dwa pou li fè sa ! Anmwey ! Pitit fi cheri mwen an ! » li pat anfòm ditou, se yon ti te vèvènn nou ba li pou sezisman epi nou mennen li lakay li.

— Ou mèt di l mwen ale wè Fifi chak jou. Kilè l ap vini Pòtoprens ?

— Podjab, li paka kite manman li ki malad. Dayè Li te gen randevou ak medsen fèy la lè li soti nan mache. Pa enkyete w Teyo matant ou Jezila ap jwenn yon solisyon.»



Demen aprè lekòl timoun yo kouri pou yo ale jwenn Fifi nan menm ti randevou a, pou yo ka ba li bon nouvèl la. Men yo pa jwenn li, yo antre lakay yo tou delala. Men gen yon bèl sipriz k ap tan yo devan kay la. Matant Jezila ap penyen tèt yon ti fi mèg men k ap ri. Timoun yo sote ponpe tèlman yo kontan lè yo wè se Fifi.

- “ Nou sove Fifi ! Wi, nou rive sove li ! Depi kilè li la matant Jezila ?
- Fwa sa Teyo, se mwen ki gen yon bagay pou mwen rakonte. Aprèmidi a, komisè a ak Gesnè te ale dèyè Fifi.
- Fifi di « kiyès ou konnen ki te la?.. »
- Manman lougawou a ? Ti Da mande, tou pè.
- Men wi, madam Mikèlin te la. Men lapolis te rive anvan komisè a !
- Matant Jezila di se vre wi Fifi gen rezon. Tout vwazinay la te sou de pye militè yo epi youn nan yo rele lapolis.
- Èske y ap mete madanm nan nan prizon ?
- Pou kounya yo mennen li nan komisarya a pou yo poze li kèk kesyon. BPM ap fè yon dosye y ap voye bay yon jij aprè. Se lajistis k ap deside.



- Koman nou pral ede Fifi retounen lakay li ? Se sa Ti Da bezwen konnen.
- Mwen kenbe kontak ak kèk zanmi dantan mwen k ap viv Pòtoprens menm jan ak mwen, oubyen andeyò, yo fè ale vini. Mwen pale yo de Fifi. David rele mwen yè, li pral andeyò nan jou k ap vini yo pou l ale wè papa li, sa ki byen tonbe. Konsa l ap ka tou mennen Fifi kay manman w Teyo, se jis di madan Dival sa pou li ka la.
- Matant mwen pa anvi kite Fifi ale ak yon moun mwen pa konnen, mwen pè pou yon lòt malè pa rive.
- Teyo, tande ! Mwen konnen ou vle pwoteje zanmi w, mwen konprann tou ou pè pou li. Men se mwen ki pou jwenn yon solisyon, ou mèt fè m konfyans. David se tankou frè mwen li ye, kwè mwen, Fifi ap avèk yon bon moun.



Lè Fifi fin ale, tout bagay rekòmanse menm jan ak avan, tankou match foutbòl tèt chaje yo nan enpas la chak samdi, avèk ti zanmi sou katye a.

Aprè fatig match la Ti Da ak Teyo chita devan kay la, y ap bwè on ti dlo sikre pou yo ka reprann kab kò yo. Telefòn matant Jesula sonnen, li fè yon ti tan ap pale aprè li rele Teyo.

—« Se manman w Teyo, ou pral kontan. »

Teyo renmen ti randevou sa nan telefòn chak samedi ak manman l. Manman l rakonte l tout sa k ap pase nan mòn la. Li menm mande nouvèl kòk li a. Teyo li menm rakonte li tout pwogrè li fè lekòl, sa l te fè pou jounen ak zanmi li yo. Menm ti blag madàm Mari yo li rakonte l.

— Teyo cheri, fòk mwen rakwoche si se pa sa mwen pap gen minit pou mwen rele w lòt samdi.

— Yon dènye bagay manman, ou pa ban mwen nouvèl Fifi non. » Lè Teyo remèt matant li telefòn nan figi li yon jan fennen.



- Kisa ki genyen la ankò Teyo ?
- Manman mwen ban mwen nimewo madan Dival, Fifi anvi pale avèk mwen.
- Se yon bon bagay, poukisa mwen santi w ap reflechi ?
- Paske mwen pa byen konprann sa manman m di mwen an. Li di li byen kontan Fifi pa pipi nan kabann lannwit ankò. Dakò, Fifi pa pipi nan kabann ankò men kisa sa vle di ?
- Sa vle di Fifi kòmanse geri Teyo. Se yon bon nouvèl.
- Jenou li yo geri depi lontan matant Jezila. Li gen twa mwa depi li tounen lakay li.
- Mwen pap pale de blese ki sou kò li Teyo, men pito de twomatis.

Twoma kisa...?



- Se emosyon negatif ki kite mak nan memwa ou. Ou sonje jou w te wè Fifi ak yon bokit dlo sou tèt li ak rad li tou chire a ?
- O wi ! Sa te fè mwen mal anpil.
- « Si w eseye sonje jou sa, li kontinye fè ou mal pa vre ? Enbyen imajine sa Fifi santi. Menm si li rejwenn manman li, men li gen yon blese nan fon kè li k ap pran plis tan pou geri. Se sa ki yon twomatis, ou paka wè li ak je w lè ou ap gade Fifi. Pou jan de blese sa yo gen sikològ ki la pou moun yo menm jan gen doktè ki la pou lè kò a malad.
- A wi, men yon metye mwen pat konnen. Mwen konprann matant mwen pral ede ti zanmi mwen an geri.
- Fifi ap geri pi vit toujou si li konnen li kapab konte sou ou. Zanmitay se yon bon soutyen.
- M ap rele li chak dimanch! L ap renmen ti blag Madàm Mari yo. Epi chaje ak bagay ki pase nan lekòl la pou mwen rakonte li.
- A wi! Mwen konnen ou pa janm manke istwa pou w rakonte !



De mwa aprè, yon jou maten nan ete a, li te fè cho anpil, mwen te ale achte kèk mango nan mache a. Mwen kanpe devan pratik mwen an, madan Dival. Kiyès ou konnen mwen wè ? Teyo ak Fifi ki chita atè a y ap jwe bò panye yo k ap tire kont. Yo te tèlman ap ri fò mwen pat ka tandé pri douzèn mango a.

Mwen pa poze okenn kesyon pou mwen pa fè sonje yon istwa tout moun vle blyie. Sèl sa mwen konnen, Fifi jwenn yon lekòl lòt bò mòn nan. Li fè anpil mache pou li ale, men li pa janm pèdi yon jou lekòl. Li di mwen se doktè li vle ye, li pral gen anpil travay.

San mwen pa deranje timoun yo, mwen pran mango yo, mwen peye madan Dival epi mwen ale ak kè kontan.

Men listwa Teyo, Ti Da, ak Fifi tout moun nan bouk la konnen.



